Муниципальни бюджетни школал хьалхара дешаран учреждени
«Гуьмсан муниципальни к1оштан Гуьмсе г1алан «Берийн беш № 13 «Ирс»

# Проект

# «Къонахчун лар»

**Музыкальни куьйгалхо Солтыгова М. А.**

**Чулацам:**

*Проектан маь1налла……………………………………………………….…3-4*
*Проектан коьрта 1алашонаш……………………………………….....…..4*
*Проект кхочушйаран белхан план………………………………….......4*
*Проектан белхан план……………………………………………………..4-6*
*Ларден жам1……………………………………………………………..….7*
*Проект кхочушйаран мухаллин мах хадор ………………………………7*
*Проектан практически мехалла……………………………………………7*
*Авторан дош……………………………………………………………......8*
*Пайдаэцна литература…………………………………………….............9*
*Йуххедиллар*

**Проектан коьчал: «Къонахчун лар».**

**Пройектан боцца чулацам.**

Проект лерина йу берийн бошмашкахь болх бечу хьехархошна. Кхуьнан г1оьнца берашца регинальни декъаца беш болу кхетош-кхиоран болх мелла а дебар бу.

Проект хьажийна йу таханлерачу дийнахь х1оьттинчу новкъахьовзам хьокъехь-халкъан оьздангаллин юьххье бераш кхачор, иштта, нохчийн халкъан турпалхой т1екхуьучу чкъурана бовзийта, биц ца балийта, церан хуьнарш, цара халкъана дина г1уллакхаш довзийта.

Школазхойн синъоьздангалла кхиорна, нохчийн къоман ламасташ, г1иллакх-оьздангалла, халкъан истори йовзийта, иштта, нохчийн матте болу безам, лерам алсамбаккхарна лерина бина болх бу х1ара.

Проект кхочушйо берийн бешара хьехархоша а, бераша, берийн дайша-наноша а цхьаьна къахьегарца.

Проектан йукъахь билгаладаьхна белхаш хьехархойн, дай-нанойн, берийн регинальни декъах болу кхетам алсамбаккхарна лерина ду. Х1иттийна йолу 1алашонаш кхочушъеш бечу балхахь, х1ора а дешаран декъаца з1е хир йу.

**Пройектан тайпа:** тобанан, йуккъерчу хенан.

**Проектехь дакъалоцурш:** лакхарчу тобанера кхиорхой, кхетош-кхиорхой, берийн дай-наной.

**Проектан маь1налла.**

Росси пачхьалкхан къаьмнаш дукха хиларна а, къаьмнийн культурин башхалла йоккха хиларна а, доккха маь1налла д1алаьцна историн т1аьхье ларйаро, халкъан 1адаташ 1амадаро, ламасташ довзийтаро, ненан мотт 1алашбаро. И билгалонаш берийн оьздангаллин исбаьхьалла, церан вайнехан г1иллакхашка безам кхиоран балха т1ехь коьрта меттиг д1алоцуш йу.

Таханлерчу дахарехь вайна гуш ду вайн кегийрхой шайн дайшкара хиламийн бала к1езиг болуш хилар, ткъа вайна доккха дозалла ду вайн мохк, истори, 1адаташ.

Боккхачу безамца а, синан йовхонца а нохчаша шайн махке са а туьйсу, шаьш цунна генахь хилча, герга даьхкича к1орда а ца бо, цуьнгахь безам ч1ог1а а бу. Вайн дайша лелийна г1иллакхаш, гергарлонаш дукхачу къаьмнашна масал эца лиъна ду.

Адамийн дахаран йуьхь д1айолалуш йу жимачу хенахь, ткъа уьш-цу дахаран лард йу. Бер кхетош-кхиорехь уггаре а мехала ду воккхачо гойтуш дерг, х1унда аьлча, беро жимачу хенахь шена гайтинарг а, 1амийнарг а доккхачу дахаре д1ахьуш ду. Жимачу хенахь д1адовзийта деза берашна Даймахках дозалла дар а, шен къоман сий лардар а, виначу йуьрте лерам а, шен ненан матте безам а, дайн г1иллакх, эхь, йахь 1амош, уьш дахаран новкъахь шеца лело дезар а, и деригге д1ахаийтар, и диццдан мегар ца хилар а, цуьнан мехала хилар а, шен халкъан хазна йовзар а, цуьнга болу безам кхоллабалийтар а.

Бер кхетош-кхиоран балхахь ч1ог1а мехала йу воккхачун а, беран а йукъаметтиг. Воккхачо цу беран синхааме кхачо деза шен махкана оьшучохь накъост хила везар а, шен дахаран некъашкахь иза гойтуш хила дезар а, вуьззина патриот а волуш, кхуьушшехь кхиа везар а.

Берийн бешан декхаршна йукъадог1у шайн махкахойн а, мехкан а турпалхойн кхиамех даккхийдер 1амор, уьш бовзийтар. Къоман йуьхк1аме дозалла ларалуш болу турпалхой бицбар эхье г1алат ду. Цундела берийн бошмашкахь дуьйна д1абахьа беза халкъан турпалхой бовзуьйтуш, цаьрга безам, лерам кхиош болу болх. И 1алашо коьрта а лаьцна, йолийна йу х1ара проект.

Шайн собарца, доьналлица, стогаллица, йахьца, майраллица, халкъан дуьхьа бацарехь биглалбевлла турпалхой дуккха а бу, делахь, х1ара проект лерина йу историехь йоккха лар йитина волчу обарг Зеламхина.

**Проектан декъашхой:** лакхарчу тобанера кхиархой, хьехархой, кхетош-кхиорхой, берийн дай-наной.

**Проектан 1алашонаш :**

1. Обарг Зеламха вовзийтар.
2. Хьехархойн корматаллин, говзаллин компетентность хьалайаккха 1алашонца, методически туп вовшахтохар.
3. Берийн синъоьздангалла кхиор, Даймахке, къоме безам кхиор, турпалхойн сий-лерам бан 1амор.
4. **Проект кхаа декъах лаьтташ йу: кечамаллин мур, коьрта мур, дерзоран мур.**

***1. Кечамаллин мур.***

Кечамаллин муьрехь д1ахьон берг хьалхара болх бу:

1) 1алашо, т1едехкарш д1ах1иттор;

2) методически литература йовзар, 1амор;

3) хила дезачу жам1ан прогноз йар;

4) хьехархойн кхиорхошца, церан дай-наношца бан безачу белхан план х1оттор;

5) бан безачу балхана оьшур болу г1ирс вовшахтохар;

6) предметно-кхиоран меттиг нисйар;

7)исбаьхьаллин а, познавательни а литература харжар;

8) хьехархоша берашца, церан дай-наношца, кхеташ-кхиорхошца бан безачу белхийн конспекташ х1иттор.

***2. Коьрта мур.***

Коьртачу муьран 1алашонашна йукъадог1у проектан коьрта белхаш кхочушдар:

*Кхиорхошца йеш йолу мероприятеш:*

Исбаьхьаллийн литература йешар.

Берашца ден къамел (беседа).

Вовшахтоьхна дешаран(1аморан) болх (ООД)

*Хьехархошца йеш йолу мероприятеш:*

Гайтаран г1ирс вовшахтохар (лепбук, кегий суьрташ).

Консультацеш.

Г1уллакхан ловзар.

*Дайшца-наношца йеш йолу мероприятеш:*

Консультацеш.

Обарг Зеламхах лаьцна буклеташ, дагахьлаттораш йекъар.

Берийн бешара стендаш т1е къоман турпалхочух лаьцна информаци тохар.

Ша-шеца болу болх бар цаьрца, церан къоман историца шовкъ хилийта, берашца цхьаьна болх бан дог даийта.

Дайн-нанойн гуламаш.

***3.Дерзоран мур.***

Дерзоран муьрехь къоман турпалхошна лерина мероприяти йир йу.

Биначу белхан жам1 дийр ду: кхетош-кхиорхоша, бераша, дай-наноша цхьаьна биначу белхан анализ йар;проектан декъашхойн белхан мах хадор.

## Проектан белхан план.

| 1алашонаш;<br>Хан | Болх д1абахьаран кеп | Пайдаэцна г1ирс | Жоп луш берш |
|---|---|---|---|
| **Кхолламан бутт**<br><br>Даймахках, къоман исторех, нохчийн г1иллакхех, 1адатах; халкъан турпалхойх болу кхетам билгалабаккхар.<br>Проектан 1алашонаш кхочушйан бан беза кечам бар. | 1алашо, т1едехкарш д1ах1иттор;<br>Методически литература йовзар, 1амор;<br>Хила дезачу жам1ан прогноз йар;<br>Хьехархошца, кхиорхошца, церан дай-наношца бан безачу белхан план х1оттор;<br>Бан безачу балхана оьшур болу г1ирс вовшахтохар;<br>Предметно-кхиоран меттиг нисйар;<br>Исбаьхьаллин а, познавательни а литература харжар;<br>Хьехархоша берашца, церан дай-наношца, кхеташ-кхиорхошца бан безачу белхийн конспекташ х1иттор. | *Пайдаэцна литература:*<br>1. «Сан къоман хазна» . Абдрахманова Ж.М., Джунаидов С.С.<br>2. «Нохчийн халкъан турпалхой»; Абдрахманова Ж.М., Джунаидов С.С.<br>3.«Дош»; Абу Исмаилов. 2009 шо<br>4. «Сан хьалхара книга», Алихан Динаев; 2020 шо<br>5. «Берийн каде ловзарш, физически упражненеш»; Аслаханов Сайд-1али<br>6.«Чеченцы. Краткие истории, культура, обычаи и традиции» ; Алиева З.В., Нунуев С-Х. М.; 2009 г<br>7.«Берийн ирсе аьзнаш» , 2023 шо<br>8.Федеральный государственный образовательный стандарт дошкольного образования от 17 октября 2013г., № 1155<br>9.Единая концепция духовно-нравственного воспитания и развития подрастающего поколения Чеченской | Музыкальни куьйгалхо: Солтыгова Мадина<br><br>. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Республики.- ЧР, Грозный, 2013г. | |
| **Чиллан бутт**<br>Обарг Зеламха вовзийтар;<br>Шен лаамехь цунах обарг ца хиллай хаийтар;<br>Г1ийлачунна г1о дан, тешаме хила 1амор;<br>Дай-наношца Зеламхин дахарах кхетам балар, цуьнан къизачу дуьненан некъан доккха маь1на довзийтар;<br>Турпалхочун сий-лерам бан 1амор. | Кхетош-кхиорхошца консультаци: «Мила ву и Харачойн Зеламха?»;<br>Берашца Зеламхах лаьцна къамел;<br>ООД «Обарг Зеламха»<br>ООД «Майра дог»;<br>Г1уллакхан ловзар «Обарг Зеламхан дахар»<br>Дай-наношна буклеташ йекъар.<br>Берашца цхьана лепбук йар;<br>Берийн бешара стендаш т1е къоман турпалхойх, къаьсттина Харачойн Зеламхех лаьцна информаци тохар;<br>Ша-шеца болу болх бар цаьрца, церан нохчийн халкъан историца, туропалхошца шовкъ хилийта. | Суьрташ, презентацин слайдаш,кечйина буклеташ,интернетан г1ирсаш. | Музыкальни куьйгалхо: Солтыгова Мадина<br>Йоккха кхетош-кхиорхо: Бекмурзаева Тамила<br>Лакхарчу тобанан кхетош-кхиорхой: Албекова Жайна, Товзарханова Амина Джумалиева Асиль |
| **Бекарг бутт**<br>**1алашонаш:**<br>Берийн къоман турпалхошка безам кхиор;<br>Шай къомах, Даймахках дог лазар кхиор;<br>Обарг Зеламхех лаьцна 1амийнарг т1еч1аг1дар;<br>Жам1 дар | Обарг Зеламхина лерина мероприяти. | Слайдаш, суьрташ. | Музыкальни куьйгалхо Солтыгова Мадина<br><br>Лакхарчу тобанан кхетош-кхиорхой: Товзарханова Амина, Албекова Жайна<br><br>Йоккха кхетош-кхиорхо Бекмурзаева Тамила Ж. |

## *Ларден жам1 (Ожидаемый результат)*

Проектана х1иттийна йолу 1алашонаш йан ма-йеззара кхочушйахь, ишттачу жам1е кхача декхар ду:

**Бераш:**

Лакхарчу тобанера бераш мелла а каде проектни балхана йукъабеврбу, нохчийн турпалхойх лаьцна йолчу.

Берийн Даймахке, къоман г1иллакхашка, нохчийн матте, къоман турпалхошка (къаьсттина Харачойн Зеламхе) безам кхуьур бу, шайн къомах, Даймахках дог лазар кхуьур ду.

Даймахках болу кхетаман суртх1отто 1емар ду тайп-тайпанчу белхашкахь. Масала: дийцарехь, дуьллучу суьртехь.

**Кхетош-кхиорхой:**

Шайн корматаллехь берашна Даймахках, ненан маттах, къоман исторех, турпалхойх лаьцна кхетам луш йолу аг1о мелла а бес-бесара хир ю.

Практически балха т1ехь тайп-тайпана белхан кепаш лелор йу, Даймахках лаьцна кхетам шорбеш йолу. (турпалхойх, ламастех, г1иллакхех, иштта д1а кхин а…)

**Дай-наной:**

Берийн дай-наной мелла а каде декъашхой хир бу берийн бешахь бечу кхетош-кхиоран белхан, ишколе дахале хьалха болу муьрехь долчу берийн социально-личностни, патриотически кхиар т1ехь беш болу.

**Проектан практически мехалла:**

Берийн бешахь «Регинальни компонент» ц1е йолу аг1о айпдоцучу кепе йоьрзур йу.

Берийн бешан кхечу социальни меттигашца хаддаза йолу йукъаметтиг алсамйаккхар. Масала: ишкола.

Берийн бешара предметни, предметно-развивающи аг1онаш хьолахйузар(обогатить), иштта, методически туп (база) шорйар.

**Проектан долуш долчу хьолан мухаллин мах хадор. (Оценка качества реализации проекта).**

Проектан мухаллин белхан мах хадор шина некъаца кхочушхир бу: бераш а, кхетош-кхиорхой а.

Берийн проект йукъахь болчу белхийн тайп-тайпанара кепашкахь кхоллалуш йолу шовкъан мах хадор. Бераша проектан тайп-тайпана йолчу аг1онашкахь бечу белхан таллам бийр бу проектан декъахоша, цара шайггара бечу белхан, иштта, кхетош-кхиорхошца цхьаьна бечу белхан а, бераша кхетош-кхиорхошца дечу къамелан а, творчески белхан жам1ан а.

Проект йукъахь дакъалаьцначу кхетош-кхиорхойн а, хьехархойн а белхан мухаллин мах хадор бу т1аьхьайог1учу аг1онашца:

1) берийн бешахь хила йезачу мероприятешна бераш кийча хилар;

2) т1ех1оьттина йолу 1алашоне кхача дуолоран а, кхолларалллин а некъ харжар;

3) берашца цхьаьна бечу кхетош-кхиоран белхашкахь (заняти, мероприяти, иштта д1а кхин а) корматалла гайтар;

4) берийн дайшка-наношка проектан йукъахь дакъа лацийта хаар, церан цу балхах самукъадалийтар.

**Оьшур болу г1ирс:**

Компьютер, суртдоккхург, кехат, басарш, сийлаллин кехаташ, методически литература, методически г1ирс, къоламаш, буклеташ.

**Авторан дош:**

Бераш дезаш, уьш ирсе кхуьйила лууш, церан сакъерадалийта, дегнаш хьаста, цаьрга ойла йайта, диканиг, воииг довзийта, диканиг, безам кхуллуш, марздан, вониг, йемалдеш, къахьдан лаам болуш болийна болх бу х1ара. Даггара сатуьйсу кхунах школал хьалхарчу хьукматашкара хьехархоша мелла а пайда оьцург хиларх. Делахь а, кхане-Делехь йу, ткъа сатийсар-вайгахь!

Вайн къоман историх, турпалхойх, Аллах1а нохчийн къомах кхолларна, шаьш бусалба хиларна дозалла а деш, даха дезаш хилар, ден-ненан сий лардан дезар, Даймехкан вуьззина патриот хила везар а кхоччуш вай берашна д1ахьеха, царна и д1акхачо, уьш цу ойланна т1ера кхин гал а ца бовлуьйтуш, кхетош-кхио Аллах1а собар лойла вайна массарна!

Нохчийн маттах лаьцна, Даймахках лаьцна, Даймохк ларбеш, г1ароллехь д1ах1иттина лаьттинчу турпалхойх лаьцна дийца дуккха а ду, цхьана проектехь дийцина вер а воцуш. Ала лаьа, кхин д1а дуккха а шерашкахь, керланиг т1е а тухуш, деба а йеш, мелла а д1айахьа йиш йолуш проект йу х1ара, х1унда аьлча, хаьржинарг вуно оьшуш, пайдехьа йолу коьчал йу.

Х1окху белхан дика а, ледара а аг1онаш билгалйохуш хаамбиначарна хьалхе баркалла ала лаьа. Шуна хетачуьнга ладог1а а, цунах пайдаэца а кийча йу автор.

***Пайдаэцна литература:***

1. «Сан къоман хазна» . Абдрахманова Ж.М., Джунаидов С.С.

2. «Нохчийн халкъан турпалхой»; Абдрахманова Ж.М., Джунаидов С.С.

3.«Дош»; Абу Исмаилов. 2009 шо

4. «Сан хьалхара книга», Алихан Динаев; 2020 шо

5. «Берийн каде ловзарш, физически упражненеш»; Аслаханов Сайд-1али

6.«Чеченцы. Краткие истории, культура, обычаи и традиции» ; Алиева З.В., Нунуев С-Х. М.; 2009 г

7.«Берийн ирсе аьзнаш» , 2023 шо

8.Федеральный государственный образовательный стандарт дошкольного образования от 17 октября 2013г., № 1155

9.Единая концепция духовно-нравственного воспитания и развития подрастающего поколения Чеченской Республики.- ЧР, Грозный, 2013г.